

Transkrip Wawancara Narasumber

Narasumber 1

Tempat wawancara : Banjarsari

Tanggal wawancara : 28 Juni 2019

Lama wawancara : 18:47 menit

T/J	Percakapan	Koding
T	<p>Apakah anda dapat menceritakan terkait data diri anda?</p> <p><i>Manawi aa tiasa ngajelaskeun terkait diri aa?</i></p>	
J	<p>Nama saya ... , RT 25 RW 06, Usia 45 tahun, alamat mekarsari desa cibadak, banjarsari. Saya tinggal disini sudah lama ya, sudah dari awal saya menikah. Kalo dulu mah saya tinggal di Pasir Jengkol, cuma karna istri saya orang tuanya di daerah sini jadi saya ikut kesini. Kalo dulu mah di cibeureum.</p> <p><i>Ari name mah ... , RT dua lima RW enam, usia opat lima, alamat mekarsari desa cibadak, banjar sari. Kapungkur mah kan tiditu ti pasir jengkol mung istri didieu kitu. Sami, sami cibadak desana. Beda dusun wungkul. Dusun mekarsari itu mah cibeureum, sadesa keneh.</i></p>	
T	<p>Apakah anda sudah menikah? Jika sudah dapatkah anda menceritakan seputar keluarga anda?</p>	

	<i>Aa atos nikah? Pami atos manawi tiasa ngajelaskeun seputar keluarga aa?</i>	
--	--	--



J	<p>Sudah. Saya disini bersama istri dan 2 orang putra. Kalau untuk tanggungan keluarga ya ini keluarga inti saja tidak ada orang luar. Orang tua da udah ga ada. Paling tinggal orang tua istri tapi itu pun beda rumah.</p> <p><i>Ntos. Opatan panginten. Putra dua, abi sareng pun bojo panginten. Eta wae opatan panginten</i></p> <p><i>Atos eta hungkul da ibu bapa mah tos teu araya pan. Ti istri nu aya mah nu ti abi mah tos teu araya.</i></p>	
T	<p>Dapatkah anda ceritakan soal riwayat pendidikan anda baik yang formal maupun non-formal?</p> <p><i>Pami riwayat pendidikana anu formal sareng nu non-formal manawi sapertos kumaha?</i></p>	
J	<p>Dulu saya SD di deket rumah, SMP juga sama di Banjarsari. Terus abis SMP saya langsung bekerja.</p> <p><i>Nyaa didieu sadayana ge. SD didieu SMP didieu, di Banjarsari. Saatos SMP teras didamel.</i></p>	
	<p>Kenapa anda memilih langsung bekerja?</p> <p><i>Kunaon aa milih langsung damel?</i></p>	
	<p>Soalnya kan kalo dulu mah mau kerja teh ga usah ribet lamaran itu ini. Selama ada keahlian kan bias masuk. Itu kira kira tahun 90an. Kalo non-formal mah ga ada. Kan abis SMP langsung kerja</p>	

	<p>makanya ga sempet.</p> <p><i>Da kapungkur mah kapan teu kedah ngangge lamaran nanaon. Asal aya keahlian bisa lebet kitu. Ari kapungkur tahun 90an mah. Pami non formal mah teu aya. Kan harita tos SMP langsung damel jadi teu kaburu..</i></p>	
T	<p>Dapatkah anda menceritakan soal pekerjaan anda sekarang?</p> <p><i>Berarti ayeuna ad damelna naon a?</i></p>	
J	<p>Saya sehari hari ya pedagang, pedagang ikan hias. Sudah 6 tahunan lah. Kalo dulu saya jualan mainan, itu kurang lebih 10 tahunan mungkin. Mainan buat anak anak biasa.</p> <p><i>Abi mah icalan, icalan lauk hias. Aya kana 6 taun ari tina lauk hias mah lamun tina mainan mah aya 10 taun kirang langkungna. Mainan kangge murangkalih.</i></p>	
T	<p>Untuk tempat dan jadwal berdagangnya bagaimana?</p> <p><i>Pami tempatna sareng waktosna kumaha a?</i></p>	
J	<p>Kalo tempatnya biasanya di sekolah sekolah. Saya biasa jualan tiap hari kecuali kalo tanggal merah soalnya kan libur. Yaa ngikutin jadwal sekolah anak anak we saya mah. Kalo libur mah saya pindah di taman itu, alun alun.</p> <p><i>Disakola-sakola paling tempatna mah.</i></p>	

	<p><i>Unggal dinten kecuali tanggal merah libur da soalna. Kumaha etaen murangkalih we abi mah. Mun sakola libur libur nurutkeun sakolaan. Pami libur sok di taman eta di alun alun</i></p>	
T	<p>Selain itu, adakah sumber penghasilan lain yang biasa anda dapatkan?</p> <p><i>Selain ti eta manawi aya sumber penghasilan nu sanes?</i></p>	
J	<p>Engga ada, udah paling itu doang.</p> <p><i>Teu aya, ntos paling ge eta.</i></p>	
T	<p>Selain anda, apakah ada anggota keluarga lain yang juga bekerja?</p> <p><i>Selain aa, dikeluarga aya nu damel oge a?</i></p>	
J	<p>Paling istri saya. Kan kalo saya jualan juga biasanya berdua bareng istri saya. Dia juga sama, bantuin jualan mainan. Cuma kalo hari hari biasa mah biasanya jualan jajanan.</p> <p><i>Paling pun bojo. Kan pami icalan ge sok duaan sareng pun bojo. Sok babantu lah icalan mainan, kitu. Mung pami hari hari bias amah sok icalan emameun.</i></p>	
T	<p>Lalu bagaimana dengan pendapatan dan pengeluaran anda sehari hari?</p> <p><i>Pami pendapatan sareng pengeluarana sapertos kumaha?</i></p>	
J	<p>Kalo untuk penghasilan mah ya ga nentu sih namanya juga kan jualan ya. Kalo lagi untung ya untung, kalo lagi ancur yaa ancur haha. Ga bias di prediksi lahh.</p>	

	<p>Beda sama pekerja-pekerja kantor yang tiap hari berangkat kerja bayaranya udah jelas dapat sekian. Kalo dagang mah kan beda. Kalo untuk perhari kira kira 70 sampe 75 ribu lah. Pernah paling banyak bias sape 110 sampe 120 ribu. Total tu yaudah segitu doang paling. Ga nentu emang kalo jadi pedagang mah</p> <p><i>Ari penghasilan mah sok tara tangtos sih ari icalan mah. Pami nuju sae nya sae, keur bojret nya bojret geningan haha. Teu tiasa di prediksi lah. Benten sareng buburuh ningan asal mangkat sahari tos pasti kenging sakitu. Ari dagang mah kan henteu. Pami sadinten biasana nya 70 atanapi 75. Paling ageung 110 tanapi 120. Total eta teh. Kitu we ari dagang mah sok tara tangtos.</i></p>	
T	<p>Kalo untuk pengeluaran bagaimana? <i>Pami pengeluaranana kumaha?</i></p>	
J	<p>Yaa biasa paling bekal anak buat sekolah. Tiap pagi aja udah habis 25 ribu. Yang besar 15 ribu, yang kecil 10 ribu. Kalo diitung itung semuanya yaa kira kira 50 ribu-an mah lebih mungkin kalo sama ekonomi, makan, belum lagi itu teh kalo di rumah mah suka minta lagi. Jadi ya 60 ribu-an mah ada sehari. Kecuali kalo bulan puasa gini biasanya bisa sampe lebih. Soalnya suka banyak maunya.</p> <p><i>Nya murangkalih panginten bekel</i></p>	

	<p><i>sakola. Enjing enjing hungkul geus salawe rebu. Nu ageung lima belas nu alit sapuluh rebu. Kana lima puluhan mah langkung pami jeng ekonomi, makan, teu acan pami di bumi mah sok ukeun deui. Genep puluhan panginten lah sadinten seepna. Kecuali sasih saom sok benten. Da sok hoyong kieu hoyong kitu.</i></p>	
T	<p>Selain untuk kebutuhan sehari hari, adakah pengeluaran lain missal untuk cicilan atau biaya rokok?</p> <p><i>Selain kangge eta manawi aya pengeluaran nu sanes misal cicilan atanapi ngarokok?</i></p>	
J	<p>Paling buat cicilan motor. Saya ngambil yang tiga tahun soalnya, yang perbulan nya 73 ribu. Kalo rokok mah yaa udah susah soalnya. Tiap hari harus ada ga boleh libur. Sehari paling habis sebungkus, itupun beli yang murah, yang 12,5 ribu. Kan kalo orang lain mah yang 25 ribu sebungkus kadang bias lebih, saya mah yang murah aja.</p> <p><i>Cicilan motor paling. Eta teh nu tilu taun nyandakna, anu sasasihna 73 rebu panginten. Aah ngarokok mah tos teu tiasa pere. Sabungkus sadinten, nyaa aturan langkung. Anu mirah a, anu sabungkusna 12,5 rebu. Kan batur ma anu 25 sabungkusna ge bari sakedap sakedap seep.</i></p>	<p>Cicilan motor 73 ribu/bulan</p> <p>Harus ada rokok setiap hari</p> <p>Biaya rokok 12,5 ribu/hari</p>

T	<p>Lalu menurut anda, kondisi ekonomi anda sekarang ini seperti apa?</p> <p><i>Menurut aa kitu, kondisi ekonomi aa sapertos kumaha?</i></p>	
J	<p>Yaa kalo soal perekonomian mah meskipun beras mahal gitu ya. Tapi masih bisa terjangkau lah. Yaa Alhamdulillah lah masalah ekonomi mah ga terlalu berat. Cuma kalo lagi ada kepengen yang lain aja baru biasanya suka aga kerasa. Kalo masalah ekonomi sehari hari secara umum mah masih bisa lah. Meskipun sekarang harga sembako udah pada naik tapi Alhamdulillah rizki mah suka adaa aja gitu.</p> <p><i>Nyaa ari masalah perekonomian mah meskipun beas mahal kitunya, masih keneh terjangkau, kabeuli kitunya. Nyaa Alhamdulillah masalah ekonomi mah teu ieu teuing kitu. Cuman pami aya kahoyong anu ageung sok rada neumbrag kitu. Ari masalah ekonomi mah masih keneh tiasa kitu. Walaupun sembako ayeuna naraek kitunya lah Alhamdulillah aya wae milik mah.</i></p>	<p>Kebutuhan pokok masih terjangkau meskipun harga naik</p>
T	<p>Bagaimana dengan simpanan atau tabungan?</p> <p><i>Pami sapertos tabungan kitu kagungan?</i></p>	
J	<p>Engga ada, kan kemarin abis tabunganya dipake beli rumah ini hehehehe. Dipake semua soalnya pas ngbangun rumah kemarin. Kan ini rumah juga baru dua</p>	

	<p>tahun-an apa ya. Eh setahun apa ya? Iya setahun.</p> <p><i>Henteu, seep kana bumi keun tabungana hehehehe. Dicandak sadaya kana ngabangun ieu. Kan nembe dua taunan lah ieu teh. Boboran itu tos lebaran nu itu. Dua taun sareng ayeuna panginten. Eh sataun kitu nya? Heem sataun</i></p>	
T	<p>Bagaimana dengan tabungan anak di sekolah?</p> <p><i>Pami tabungan putra di sakola manawi?</i></p>	
J	<p>Yaah kalo tabungan sekolah mah kan punya anak jadi semampunya anak saya aja. Saya juga ga tau menu. Itu mah istri saya yang tau. Kalo isinya berapa mah saya juga ga tau.</p> <p><i>Lah ari disakola mah murangkalih geningnya sa ieu na murangkalih we kitu teu terang abi gen. Eta mah pun bojo nu masihanana kitu. Teuing kening sabaraha sabarohana mah.</i></p>	
T	<p>Kenapa anda tidak memiliki simpanan?</p> <p><i>Pami alesan? teu kagungan kunaon manawi?</i></p>	
J	<p>Kalo kemaren kan ini rumah masih harus di perbaiki jadi ya dikit dikit disempetin. Sekarang mah belum ada ini nya.</p> <p><i>Pami kamari mah kan ieu bumi masih di ieukeun janten nya saalit saalit sok dicumponan. Pami ayeuna mah teu duka.</i></p>	

T	<p>Menurut anda BPJS dan JKN itu seperti apa? Apakah anda pernah mendengar dua hal itu sebelumnya?</p> <p><i>Anu salajengna panginten soal BPJS sareng JKN menurut aa sapertos kumaha? Pami sateuacana pernah nguping teu aa manawi soal eta?</i></p>	
J	<p>Tau kalo BPJS mah, soalnya kan kemarin juga waktu istri saya dirawat di UGD disuruh bikin. Tapi karna ada masalah di iuran bulananya jadi saya belum buat.</p> <p><i>Terang pami BPJS mah da kamari ge pas dirawat diditu di UGD, pun bojo piwarang ngadamel eta. Tapi kan dina masalah per-bulana can siap kitu.</i></p>	<p>Belum mendaftar karna merasa iuran mahal</p>
T	<p>Sepengetahuan anda, BPJS dan JKN itu seperti apa sih?</p> <p><i>Sakaterang aa BPJS sareng JKN te sapertos kumaha emang?</i></p>	
J	<p>Yaa setau saya kalo denger denger dari orang yang bilang gitu ya. Jadi BPJS itu dimana kita sakit atau ada masalah kesehatan bisa bikin kita ga bingung. Emang sih BPJS itu bisa dibilang meringankan biaya, meringankan keluarga pasien gitu lah. Contohnya kayak kemarin juga kan dimana ada yang sakit terus butuh ke Rumah Sakit kalo ga ada BPJS mah saya jadi ribet masalah biayanya belum lagi administrasi BPJSnya. Tapi ya itu karna</p>	<p>Memudahkan urusan ketika sakit</p> <p>Meringankan biaya</p> <p>Meringankan keluarga</p> <p>Biaya ribet kalo tidak punya BPJS</p> <p>Ribet administrasi kalo tidak punya BPJS</p>

	<p>iuran perbulanya bagi saya itu masih sulit. Tapi yaa kedepannya mah saya juga pingin bikin. Coba liat aja, sekarang kalo yang 25 ribuan aja terus dikali 4 orang kan udah 100 ribu tuh. Belum lagi biaya listrik, listrik tuh sebulan 300 ribu. Kan udah 400 ribu tuh. Jadi menurut saya belum bisa kesampaian. Kalo niat mah udah ada Cuma ga sanggup di bayar iuranya, penghasilan saya belum stabil gitulah pokoknya.</p> <p><i>Nya ari sakaterang abi mah anu cek nyararios kitu nya. Dimana urang aya karerepet sakit boh kumaha jadi teu bingung teuing. Emang emang n amah ngaringankeun kitu. Ngaringankeun ka nya ka keluarga lah. Model Kamari gen kan dimana ieu keun ka Rumah Sakit bingung kanggo biaya, bari masalah BPJS. Nya eta mah kitu kan dina masalah perbulana hungkul masih keneh repot. Nya kapayuna mah abi gen hoyong ngadamel kitu. Ayeuna kan opat, sadaya ngadamel nya BPJS mah. Ayeuna mun ku salawe rebuan kan tos saratus rebu persasih. Teu acan dina listrik. Listrik tilu ratus taah tos opat ratus. Teu acan nu sanesna taah. Jadi teu acan ka ieu keneh. Ari niat mah tos aya tah ngan repot dina perbulana teu acan aya, teu acan stabil lah.</i></p>	<p>Merasa tidak sanggup jika nanti bayar iuran</p> <p>Iuran BPJS tidak terjangkau</p>
T	Lalu bagaimana anda mendapatkan	

	<p>informasi informasi seputar 2 hal tersebut?</p> <p><i>Teras pami info info terkait 2 hal eta aa biasana nguping timana?</i></p>	
J	<p>Saya dapetnya yaa dari temen temen dagang. Kalo dari pihak pemerintah atau BPJS mah ga ada. Tau tau dari masyarakat aja pada ngobrolin soal BPJS. Atau kakak misalkan, kemaren kana da yang buat juga mba Dewi. Kalo dari pemerintah mah ga ada.</p> <p><i>Nya ti rancangan, rancangan dagang. Masalah BPJS mah teu aya, terang terang ti masyarakat dieu we nyalaur BPJS kitu. Model raka, nu damel, model Dewi, ti pemerintah mah teu aya</i></p>	<p>Tidak ada sosialisasi Informasi dari mulut ke mulut</p>
T	<p>Tadi kan salah satu alasan anda belum mendaftar karna masalah biaya iuranya ya?</p> <p><i>Tadikan aa nyaur teu ngiringan the karna biayana luhur teuingnya a?</i></p>	
J	<p>Iyaa, soalnya masih banyak pengeluaran buat yang lainnya. Memang itu juga penting, tapi yaa selain itu juga masih banyak yang lebih penting. Tapi gimana ya, masih banyak yang lebih penting lah intinya.</p> <p><i>Muhuun, masih keneh seueur pengeluaran nu sanesna lah. Emang eta ge lebih penting deui sami kitu. Tapi kumaha nya, masih keneh aya nu lebih</i></p>	<p>Pengeluaran lain lebih penting dari iuran BPJS</p>

	<i>penting kitu</i>	
T	<p>Kalau anda diminta untuk menentukan biaya iuran BPJS, kira kira berapa biaya yang menurut anda terjangkau?</p> <p><i>Pami misalkan aa dipasih peluang kangge nentukeun harga iuran BPJS, kira kira sabaraha a?</i></p>	
J	<p>Yaa kalo nyari yang terjangkau mah mungkin 50 ribuan saya bisa. Cuma kan sekarang juga biaya paling murah nya 25 ribu. Malah denger denger katanya mau naik lagi kan. Coba aja kalo misalkan per-orang 10 ribu, sama biaya listrik perbulan berarti kan sebulan 350 ribu. Jadi yaa masih bisa lah kayaknya. Kepingin saya mah gitu tapi kan ga ada yang kaya gitu. Lahh saya mah kemarin juga orang lain pada rame katanya ada program KIS yang bisa bikin berobat gratis, saya mah ga adaaa lah. Waktu rumah saya mau ambruk juga ga ada yang peduli, apa apa juga saya mah ga pernah kebagian. Kirain tuh dari Desa atau dari pemerintah dateng ini mah ga ada. Tau tau yang lain udah pada jadi aja.</p> <p><i>Nya ari terjangkau mah masing 50 ge tiasa, kitu. Ari tos ieu mah siap bae kitu abi mah ngan ayeuna mah kan nu patokan pang mirahna ge 25 kan saurna mah. Malah mah saurna naek nya wi. Ari kinten kinten mah duka kitu. Pami misa</i></p>	<p>Berharap dapat PBI</p> <p>Berharap pemerintah dibantu</p> <p>Berharap iuranya sebesar 10 ribu rupiah</p>

	<p><i>10 rebu mah sih, sareng listrik berarti sabulan 350 mah, masih sigana. Kahoyong mah kitu tapi da teu aya pan. Ahh abdi mah sugan kamari rame aya KIS nu gratis naon, teuuu. Nu di bumi bade urug gen nya wi sugan aya naon teu kabagean abi mah. Komo deui ayeuna kitu basa kamari bumi bade runtuh gen teu etaen nanaon. Terangna tos jaranten.</i></p>	
T	<p>Apa yang anda lakukan ketika ada salah satu anggota keluarga anda yang sakit? Bagaimana tanggapan anda terkait sistem pelayanan kesehatan yang anda rasakan di tempat tersebut dari mulai pendaftaran sampai akhir?</p> <p><i>Pami dikeluarga aya nu teu damang biasana sapertos kumaha a? Teras tanggapan aa terkait sistem pelyanan kesehatan anu aa raos di tempat eta kumaha ngawitan ti awal dugi akhir manawi?</i></p>	
	<p>Biasanya ya ke Puskesmas. Kalo pelayanannya biasa aja. Cuma masalahnya kan saya ga pake BPJS, jadi saya ga tau kalo pengalaman orang yang pake BPJS itu kaya gimana. Tapi kalo kata orang, banyak yang bilang kalo pake BPJS biasanya di sepelein contohnya kaya ke Rumah Sakit Banjar. Katanya gitu sih cuma kan saya belum nyoba langsung jadi ya kurang tau juga.</p>	<p>Pasien merasa disepelkan jika menggunakan BPJS</p>

	<p>Tapi tetep lah yang enak mah kalo kita bayar sendiri. Soalnya kalo bayar sendiri mah udah jelas gitu, ga mungkin disepelein. Baru baru kemarin juga saya denger dari yang pake BPJS katanya dia di sepelein di Rumah Sakit Ciamis.</p> <p><i>Biasana nya ka puskesmas. Ari pelayanan nya biasa wae. Mung masalahna pami nu ngangge BPJS kan kirang terang pelayana na kumaha teu terang anu ngangge BPJS mah da teu ngaraosken langsung kitu. Tapi pami saur nu nyarios aturan nu ngangge BPJS dicaliweurakeun model ka Rumah Sakit ka Banjar. Saurna kitu ieu mah pami langsungna mah teu terang, kitu. Keukeuh lah nu enak mah bayar sendiri, jelas ieu na kitu. Moal disapirakeun. Soalna eta gen mayar kan BPJS gen. Duka cenah anyar keneh di Rumah Sakit Ciamis aya nu nyarios kitu. Rumah Sakit Ciamis sareng banjar kan. Aya nu nyarios kitu. Tapi ai abi kan teu acan ngalaman BPJS da teu acan gaduh kitu.</i></p>	
T	<p>Setelah memperoleh pelayanan seperti itu, dan dengan membayar harga segitu, menurut pandangan anda bagaimana pelayanan di Puskesmas tempat anda biasa berobat?</p> <p><i>Saatosna kenging pelayanan sapertos kitu, teras ku bayar sakitu, menurut pandangan aa kumaha tah pelayanan di</i></p>	

	<i>puskesmas tempat aa lalandong?</i>	
J	<p>Yaa kalo soal pelayanan di Puskesmas mah sekarang memang udah beda sama yang dulu. Kan kalo dulu mah puskesmas itu memang murah ya. Tapi kok kalo sekarang mah bayarannya malah hampir sama kaya di Rumah Sakit ya. Kemarin aja istri saya 5 hari habis 2 juta.</p> <p><i>Nya ari masalah di Puskesmas mah asana benten sareng kapungkur. Kapungkur mah puskesmas teh emang mirah. Ayeuna mah asana sami wae sareng di Rumah Sakit pembayarana teh. 5 hari gen Kamari hamper 2 juta.</i></p>	Biaya rawat inap terasa mahal
T	<p>Menurut anda, bagaimana fasilitas yang ada di puskesmas tersebut?</p> <p><i>Menurut aa fasilitasna di puskesmasna kumaha tah?</i></p>	
J	<p>Biasa aja, standar kaya biasa. Kaya di Rumah Sakit. Masalah obatnya juga ya biasa aja. Cuma kan kalo dulu mah di Puskesmas itu biasanya paling cuma abis 300 ribu. Tapi kalo sekarang mah bisa sampe kaya di Rumah Sakit. Waktu itu juga waktu pertama kali istri saya terasa gejalanya, habisnya sampe 90 ribu. Ke dokter kan biasanya cuma 45 ribu. Dokter Erni Cuma 35 ribu. Ini ke UGD malah sampe 90 sekali periksa. Berarti kan lebih mahal Puskesmas kalo kaya gini mah. Trus Dokter Vidi juga tuh, disana kalo ga salah 50 ribu apa 45 ribu</p>	Biaya puskesmas lebih mahal dibanding praktek dokter.

	<p>gitu ya. Dokter Vidi yang itu loo, yang di Apotek Resik.</p> <p><i>Biasa, standar biasa wae. Sapertos di Rumah Sakit. Masalah obat nya biasa. Ai kapungkur mah kan paling seep tilu ratus. Aya bentena puskesmas sareng rumah sakit kitu nya. Ai ayeuna mah sami wae. Harita waktos pertama kali karaos, seep 90. Ka dokter kan cuma 45 rebu. Dokter erni Cuma 35 rebu ieu ka UGD seep hampir 90 sakali marios. Kan berarti mahal keneh di Puskesmas ai kitu mah. Pami model dokter kan ayeuna dokter Vidi ge 50 nya asana teuing 45. Dokter vidi eta anu remaja.. anu Apotek Resik</i></p>	
T	<p>Apa yang anda ketahui soal JKN dan BPJS?</p> <p><i>Sakaterang aa soal JKN sareng BPJS sapertos kumaha?</i></p>	
J	<p>JKN itu apa ya? Saya belum pernah denger JKN, malah ini saya baru denger.</p> <p>Kalo BPJS mah saya tau. BPJS itu yang bayar itu kan. Kan ada tuh yang semisal, kaya KIS, itu mah kan gratis, atau yang lain lagi apa gituu. Laah saya mah ga tau da tiap ada yang baru juga ga pernah ada yang ngasih tau.</p> <p><i>Ari JKN teh naon? Teu acan pernah nguping da JKN mah malah nembe nguping ieu ge. Pami BPJS mah terang, BPJS mah nu bayar. Kan aya nu</i></p>	<p>Tidak familiar dengan JKN</p> <p>Belum ada sosialisasi JKN/BPJS</p>

	<p><i>samodel KIS gratis. Teras samodel kartu naon deui lah teu tarerang da teu kantos kasauran lah.</i></p>	
T	<p>Bagaimana pendapat anda terkait sistem kesehatan di Indonesia sekarang ini? Adakah harapan untuk sistem kesehatan di Indonesia untuk kedepannya?</p> <p><i>Teras menurut aa sistem kesehatan di Indonesia nu ayeuna the sapertos kumaha kitu? Teras harapana kumaha?</i></p>	
J	<p>Laahh ga merata we. Jadi yang kaya bisa dapet, yang miskin ga dapet, kan gitu. Makanya kemarin juga yah, bukan berarti yang mampu pengen dapet, bukaan. Tapi yang saya liat itu ga layak we. Yang punya kendaran 4 bisa dapet. Sedangkan nenek nenek yang udah jompo ga dapet, kan jadi ga pas tuh sasaranya. Kalo dari saya, harapanya kalo misal engga ada yauda ga usah ada aja skalian, amaan. Biar pada ga iri. Kan banyak yang ngomong “aduh si ini mah banyak ini itu tapi ko dapet ya”. Daripada jadi iri gitu kan mending ga usah ada skalian.</p> <p><i>Laah teu merata we. Jadi anu kaya bisa kenging... anu miskin teu kenging tah bisa kitu. Matak kamari tah sanes model anu marampu hoyong kenging sanes. Jadi henteu layak lah. Anu garaduh kendaraan 4 kenging ari nini nini anu jompo teu kenging jadi teu pas sasarana</i></p>	<p>Tidak merata</p> <p>Alokasi KIS/PBI tidak tepat sasaran</p> <p>Iri/Kecemburuan masyarakat</p>

	<p><i>teh. Harapana pami missal teu aya teu aya sakalian, amaan. Ambeh teu sirik. Jadi nu karunya na the nu teu mampu. Aduh si anu mah seueur ieu kenging, abi mah nu ripuh henteu. Daripada jadi ieu lah mending teu aya sakali.</i></p>	
--	---	--

Transkrip Wawancara Narasumber

Narasumber 2

Tempat wawancara : Banjarsari

Tanggal wawancara : 29 Juni 2019

Lama wawancara : 19:05 menit

T/J	Percakapan	Koding
T	<p>Dapatkah anda menjelaskan terkait data diri anda? <i>Abi hoyong terang terkait data diri ibu, ibu tiasa ngajelaskeun ka abi manawi?</i></p>	
J	<p>Ya saya, sama 2 orang anak saya, ayah saya. Rumahnya numpang di rumah Bapak saya, ayah kandung. Kalo suami mah udah almarhum . Saya mah numpang di rumah Bapak, gitu. Usia 48. Lalu kalo Bapak mah 72 tahun, anak yang di SMK 18, trus yang baru mau masuk SMK 16an paling. Kalo yang paling besar mah udah kerja, udah nikah, udah punya cucu saya mah hahaha. <i>Nya abi, ibu sareng putra dua sareng bapa. Bumi numpang dibumi bapa. Bapa kandung abi. Pami suami mah tos almarhum. Abi numpang di bumi Bapa, kitu. Usia 48. Teras pami bap amah 72an, putra anu SMK 18, sareng anu bade ka SMK 16 paling. Pami anu pang ageungna mah tos damel, atos nikah, tos gaduh incu abi mah hahaha.</i></p>	
T	<p>Kalo sehari hari biasanya ibu kerjanya apa? Di keluarga Ibu yang kerja siapa aja? <i>Pami sadidinten ibu biasana damel naon?</i> Di keluarga ibu anu damel biasana sok saha wae?</p>	

J	<p>Ibu mah pengangguran. Kalo ada yang nyuruh baru, kalo engga ad amah yaudah ga ada. Tapi kan itu juga ga tiap hari.. ga pasti</p> <p><i>Ibu mah nya pengangguran.. Pami aya nu manggil nembe, pami henteu nya henteu. Tapi teu saban dinten eta ge da kali kali kitu nu miwarang oge nan, henteu pasti.</i></p>	
T	<p>Kalo ada yang nyuruh gitu biasanya ibu dapet berapa?</p> <p><i>Pami aya nu miwarang biasa sok kenging sabaraha ibu?</i></p>	
J	<p>Sehari teh kadang 10, kadang 25. Tapi ga tiap hari.</p> <p><i>Kadang 10 kadang 25 sadinten the. Tapi henteu tiap hari.</i></p>	
T	<p>Dalam seminggu biasanya bisa dapet berapa panggilan?</p> <p><i>Dina saminggon biasana kenging sabaraha kali?</i></p>	
J	<p>Ya kadang 2 kali, 3 kali.</p> <p><i>Nya kadang kadang diperyogikeuna 2 kali, 3 kali.</i></p>	
T	<p>Selain itu biasanya ibu dapet penghasilan dari mana lagi?</p> <p><i>Teras selain ti eta biasana ibu sok kenging penghasilan timana deui?</i></p>	
J	<p>Dari anak saya biasanya suka ada ngirim tapi ya ga nentu. Kadang 1 juttaa kadang kurang.</p> <p><i>Ti putra paling sok aya ngintun tapi teu nentu gening. Kadang 1 juta kadang kirang.</i></p>	
T	<p>Berarti dari anak ibu 1 juta, trus ditambah yang ibu kalo ada panggilan itu ya? Kalo Bapak kandung ibu biasanya kerja apa?</p> <p><i>Berarti ti putra 1 juta, teras we ibu nu eta nya? Ari si bapa biasana damel naon?</i></p>	
J	<p>Kalo si Bapak mah suka nyari nyari ke hutan. Engga usaha apa apa, engga. Ngan ya gitu aja suka nyari nyari ke hutan. Terkadang dia suka nanem ketela juga. Tapi ya ga tiap hari itu juga, meski skali dapetnya biasanya 200 ribu tapi itu juga ga tiap hari. Daripada di rumah jenuh makana dia suka nyari nyari di hutan.</p> <p><i>Ari si bapa mah sok kurah koreh dileuweung we, kitu. Henteu usaha nanaon,</i></p>	

	<p><i>henteu. Mung kitu we sok kurah koreh, misal anjeuna melak sampeu geningan. Tapi da teu saban saban dinten geningan meski sakali kenging 200 rebu pun teu saban dinten eta mah. Daripada di bumi jenuh matakna sok kokoreh didinya wae di leuweung.</i></p>	
T	<p>200 ribu itu tiap bulan atau gimana? <i>Eta 200 rebu the tiap sasih atanapi kumaha?</i></p>	
J	<p>Yaa sekali panen itu 200 ribu, tapi kan panenanya juga tiap 3 bulan. <i>Nya sakali panen 200 rebu. Ngan sakali panen na 3 bulanan.</i></p>	
T	<p>Kalo dulu ibu sekolahnya dimana aja? <i>Pami kapungkur ibu sakolana kumaha?</i></p>	
J	<p>Cuma nyampe SMP ibu mah <i>Mung dugi ka SMP ibu mah.</i></p>	
T	<p>Trus menurut ibu, kondisi ekonomi ibu sekarang ini tuh seperti apa? <i>Teras menurut ibu kondisi ekonomi ibu the sapertos kumaha?</i></p>	
J	<p>Ah rendah mah rendah lah ibu mah. Sok aja misalkan itu 1 juta, kira kira cukup ga tuh buat sebulan? Gimana caranya coba uang segitu dikelola? Makanya kalo misalkan ibu ga kerja lagi mah gimana coba. Makanya kalo ada yang nyuruh nyuruh juga lumayan lah buat nambah nambah. <i>Ah rendah mah rendah lah ibu mah. Sok da misalna eta 1 juta, cekap moal sabulaneun? Kumaha carana dikelola coba? Mun misalna ibu teu damel deui mah kumaha. Makana mun aya nu miwarang jang ngaganjel ganjel, jang nambah nambah, kitu.</i></p>	
T	<p>Kalo buat pengeluarannya gimana bu? <i>Ari pengeluaran emang sok sabaraha ibu biasana?</i></p>	
J	<p>Yaa kalo sama semua tek tek bengek mah paling 50an. <i>Kana 50an pami sareng sagala tek tek bengek mah.</i></p>	
T	<p>Kalo si Bapak suka ngeroko? <i>Pami si bapa sok ngaroko?</i></p>	
J	<p>Ngeroko lah, biasanya ngegulung sendiri pake tembakau. Tapi itu juga ga pernah</p>	

	<p>minta ke Ibu da kan suka nyari nyari ke hutan. Suka ga enakan juga sama ibu. <i>Ngaroko eta pan nganggo bako. Tapi tara ukeun ka ibu da pan sok kurah koreh eta. Da sok teu enakeun apan.</i></p>	
T	<p>Kalo misal angsuran gitu ibu ada ngambil ga bu? <i>Pami misal angsuran angsuran kitu ibu aya ngiringan?</i></p>	
J	<p>Ga punya, makanya buat apa saya ambil angsuran. Soalnya kalo misal dari anak saya 1 juta aja, trus saya ngambil angsuran ya habis lah ga bakal kebayar. Buat sehari hari aja susah apa lagi ngambil angsuran. Ya wajarlah kalo angsuran ke warung mah ya. Nanti kalo anak saya ngirim paling nanti langsung dibayar. Kadang kadang 80 ribu, kadang 100 ribu. <i>Teu gaduh, makana kanggo naon angsuran coba. Da misalna ti murangkalih di pasih 1 juta teras misal aya angsuran nya seep atuh, moal kabayaran. Kanggo sadidinten gen lieur komo komo gaduh angsuran kitu. Nya wajarlah pami angsuran ka warung kitu kieu mah. Ke murangkalih pami aya ngirim dibayar kitu. Kadang kadang 80 kadang kadang 100.</i></p>	<p>Tidak sanggup jika punya angsuran Kesulitan memenuhi kebutuhan</p>
T	<p>Kalo dalam memenuhi kebutuhan sehari hari biasaya seperti apa bu? Apakah ada kendala? <i>Pami dina memenuhi kebutuhan sadidinten ibu tiasa keneh tapinya? Atanapi sok aya kendala keneh?</i></p>	
J	<p>Kalo kendala mah ya pasti ada lah dek. Orang dari anak juga ibu tuh kadang dapet kadang engga. <i>Ari kendala mah nya pasti aya de. Atuh sakitu ti murangkalih kadang ibu kening kadang henteu kumaha carana. Kedah pinter ngabagi bagi kitu tah. Misal eta budak nyandak hiji motor kanu kiridit heeh kitu kumaha carana we supaya katutupan kaditu kadieu. Kitu tah.</i></p>	
T	<p>Kalo biaya pendidikan gimana bu? <i>Ari biaya pendidikana sapertos kumaha atuh ibu?</i></p>	
J	<p>Kalo biaya pendidikan mah kan gratis dek. Nah kalo yang SMK baru suka ada bayaran</p>	

	<p>perbulan. Tapi itu juga biasanya suka dapet bantuan dari pemerintah jadi yaa lumayan bisa nutup buat bayar biaya perbulanya.</p> <p><i>Ari biaya pendidikan mah kan gratis de. Tah pami nu SMK eta tiap bulaan.. Sok bayaraan.. Meskipun ti SMK so kaya nu ti pemerintah gening eta ge so kaya di anggo kanggo bayaraan kitu. Janten nu kedahna bayar sabulan, janten kapotong ku aya eta, kitu.</i></p>	
T	<p>Trus ee.. yang soal BPJSnya. Ibu pernah denger soal BPJS atau JKN?</p> <p><i>Teras ee.. anu soal BPJSna nyaa. Ibu pernah teu nguping soal BPJS atanapi Jaminan Kesehatan Nasional, tos pernah nguping teu sateuacana?</i></p>	
J	<p>Pernah kalo denger mah, Cuma kalo nyobain langsung mah belum pernah hahaha. Suka denger denger aja gituu. Kata bu bidan suka ini tuh gini oh gituuu. Tapi kan ibu mah belum pernah nyobain. Kalo misal ke RS juga ya naudzubillah jangan sampe lah, kalo misal ibu sakit kepala juga palingan beli bodrek aja ibu mah ke warung. Da kalo disuruh bayar tiap bulan mah ibu ga kuat. Perberapa jiwa misalnya, ga kuat. Sekarang 25 ribu aja perorang, kali 4 kan udah seratus. Berarti kan uang ibu yang dari anak ibu udah kepotong lagi. Ibu mah terang terangan we lah da kumaha deui tuda.</p> <p><i>Pernahh ari nguping mah, tapi ari ngalakukeun mah teu acan pernah ibu mah hahaha. Sok nyararios geningan sok ngupiing. Cek bidan gening sok kieu oh muhuuuun. Tapi kan ibu mah ean pernah kitu. Mun misalna ka RS ieu mah naudzubillah enging sampe lah, pami sakalieun lieur nya meser bodrek ka waruung kitu tah. Da pami mayaran tiap bulan mah ibu teu kiaat tuda. Sabaraha jiwa misalna, teu kiaat. 25rebu saurang kali 4 kan tos saratus. Berarti kan ti putra the kapotong deui. Ibu mah terang terangan nyarios kieu gel ah.</i></p>	<p>Informasi dari mulut ke mulut Tidak kuat bayar iuran Menganggap iuran mahal</p>
T	<p>Kalo setau ibu yang dari bu Bidan, BPJS atau JKN itu kaya gimana?</p> <p><i>Pami saterang ibu eta anu ti bu Bidan,</i></p>	

	<i>BPJS atanapi JKN the sapertos kumaha?</i>	
J	<p>BPJS itu kan contohnya kalo berobat gratis, kaya KIS gitu kan ya. Tapi ibu ga punya. Tapi baru ada 2 bulan ini putra ibu yang paling kecil itu dapet. Tapi ini juga belum pernah dipake sih naudzubillah jangan sampe lah. Kalo ga yaa BPJS mah saya denger denger dari orang orang yang udah punya aja.</p> <p><i>BPJS kan contona pami berobat gratis, sapertos kartu KIS nya. Tapi ibu teu gaduh. Tapi nembe aya 2 sasih mah putranu pang alitna kening. Tapi teu acan pernah dianggo naudzubillah enging sampe. Tapi nu sanesna mah teu gaduh. Pami henteu nya BPJS mah ti batur gening sok nyalalaur kitu tinu tos garaduh.</i></p>	Berobat gratis
T	<p>Kalo ibu sakit biasanya apa yang ibu lakukan?</p> <p><i>Pami ibu udur biasana ibu sok kumaha wae?</i></p>	
J	<p>Kalo misal panas dingiin, batuk pilek biasa mah yaa paling beli di apotek.</p> <p><i>Pami misal panas tiriis, pilek batuh mah biasa gening meser di apotek.</i></p>	Lebih memilih beli di apotik
T	<p>Kalo ke Puskesmas, dokter, atau rumah sakit gitu pernah ga bu?</p> <p><i>Pami ka Puskesmas, dokter, atanapi rumah sakit kitu teu acan pernah?</i></p>	
J	<p>Ga mau ibu mah! Jangan sampe lah</p> <p><i>Alim ibu mah alim sampe.</i></p>	
T	<p>Tapi ibu pernah tau kan Puskesmas itu kaya gimana?</p> <p><i>Tapi ibu kantos terang puskesmas sapertos kumaha?</i></p>	
J	<p>Tau lah atuh puskesmas mah. Tapi kalo buat berobat mah belum. Kalo masuk doang mah udah, Cuma ya jangan sampe lah kalo dirawat disana mah haha. Tapi kalo punya KIS mah mau saya juga.</p> <p><i>Teraang atuh kadinya mah. Tapi berobat ka Puskesmas mah tacan pernah. Ai lebet mah atos, ngan ulah sampe dirawat didinya kitu haha. Tapi amun gaduh KIS mah hoyong kitu ibu ge.</i></p>	Berharap mendapat kartu KIS
T	<p>Kalo kesana pas nengokin temen atau tetangga atau siapapun lah, ibu pernah? Menurut ibu pelayanan atau fasilitasnya</p>	

	<p>seperti apa?</p> <p><i>Pami waktus kadinya ngalongok rerancangan atanapi saha kitu ibu kantos atanapi henteu? Menurut ibu atanapi sakupingna ibu fasilitasna sapertos kumaha?</i></p>	
J	<p>Biasaa da udah bagus kok.</p> <p><i>Biasaa da tos saee.</i></p>	
T	<p>Bagus yang ibu maksud itu seperti apa bu?</p> <p><i>Sae maksad ibu the sapertos kumaha?</i></p>	
J	<p>Misalnya kalo ada pasien orang orangnya ramah gitu haha.</p> <p><i>Misalna ka pasena ramah kitu haha.</i></p>	Pelayanan ramah
T	<p>Kalo misalkan ibu disuruh buat nentuin harga BPJS, kira kira ibu sanggupnya berapa?</p> <p><i>Misalkan Ibu dipiwarang nangtoskeun harga BPJS, kinten kinten Ibu sanggemna sabaraha?</i></p>	
J	<p>Gam au ibu mah! Kalo ga gratis mah ga mau! Ga sanggup. Terus terang say amah sok. Ga sanggup. Pengenya yang gratis pokoknya mah, yang ga ngeluarin biaya. Soalnya buat kehidupan aja saya kan udah nyiapin ini buat apa itu buat apa, kalo ga gitu mah mau gimana coba. Apalagi kalo uang dari anak saya ga ada gimana naahh. Soalnya ibu mah pendapatanya ga menentu.</p> <p><i>Ibu mah aliim! Ari nu teu gratis mah alim! Teu sanggem. Terus terang abi mah sok. Teu sanggem abi mah. Hoyongna nu gratis pokokna anu teu ngaluarkeun biaya. Karna tos ngincer ngincer abi kedah kieu kieu ti putra sakieu kitu da pami teu kitu mah timana deui kabageana. Komo lamun nu ti putra teu masihan taahh. Da soalna ibu mah pendapatana teu menentu.</i></p>	Tidak mau yang berbayar
T	<p>Kalo misal dari tetangga ibu yang sudah pernah berobat atau berkunjung ke rumah sakit, ibu pernah ga denger denger soal pengalamanya selama dia menjalani pengobatan?</p> <p><i>Pami misalkan ti tatanggi ibu, misalkan tos berobat atanapi tos lalandong ka rumah sakit pernah nguping nguping naon teu seputar waktos anjeuna berobat?</i></p>	
J	<p>Paling yang dari rumah sakit mah yang</p>	

	<p>pake BPJS kan tiap bulanya harus bayar tuh misalkan kalo ikut yang nomor 3, kan itu the harus bayar 25 ribu atau berapa ya. Terus yang 1 mah 50 kan ya? Tapi kan tiap bulan the harus bayaar kan. Ga tau ya itu ada denda nya atau engga</p> <p><i>Ari nu ti rumah sakit mah anuu BPJS kan tiap bulan kudu dibayar kan sabulan nomor 3 the 25 atanapi sabaraha kitu. Teras anu ka 1 mah 50 nyaa. Tapi kan tiap bulan kedah dibayaar kaan. Duka aya dendaan duka henteu nya? hilap deui</i></p>	
T	<p>Adaa Aaaa</p>	
J	<p>Nah iyaa, kadang kadang mereka tuh pada suka ngeluh. Misal aja ya 5 anggota keluarga di kali 25 kan udah 125 tuh tiap bulan. Kalo adaa ya gapapa, tapi kalo ga ada suka pada stress kan itu the haha. Makana ibu mah ga mau!</p> <p><i>Tah uhuun, kadang kadang sok ngeluh geningan. Misalna 5 keluarga, kali anu 25 geus 125 tiap sasasih. Lamun ayaa, lamun teu aya sok benduu eta the hahaha. Makana aliim ibu mah!</i></p>	
T	<p>Kalo soal pelayanan atau administrasi gitu dari orang orang yg udah BPJS suka ada yang nyerita nyerita ga bu?</p> <p><i>Pami soal pelayanan atanapi susuratan kitu ti anu tos BPJS kaya nu nyarios tara bu?</i></p>	
J	<p>Ga adaa. Yaa itu paling banyak yang nyerita mah pelayanannya mah udah bagus. Gitu mungkin.</p> <p><i>Teu ayaa. Eta ge seueur nu nyarios pelayanan mah tos saee. Kitu panginten</i></p>	
T	<p>Ibu kan sekarang udah tau ya BPJS, JKN, terus dengan kondisi ibu yang seperti ini, ibu ada ga harapan buat sistem kesehatan Indonesia buat kedepannya ini kaya gimana?</p> <p><i>Ibu kan ayeuna tos terang BPJS, JKN, dengan kondisi ibu sapertos kieu ibu aya teu harepan kanggo sistem kesehatan Indonesia kapayuna?</i></p>	
J	<p>Mauuu, tapi yaa say amah gam au bayar, titik. Pngen yang gratis we udah hahaha.</p> <p><i>Hoyooong, tapi abi mah alim nu bayar, titik. Hoyong nu gratis kitu tah hahahaha.</i></p>	

T	Kalo dari hal lain misal pelayanan, kepesertaan atau hal lain mungkin ada lagi bu? <i>Pami dina hal lain misal pelayanan, kepesertaan atanapi nu sanes aya henteu?</i>	
J	Lahh intinya ibu mah gam au yang ribet! Biar ga banyak pikiran hahaha. <i>Lahh intina mah alim nu ribet ibu mah! Ambeh teu seueur pikiran hahaha</i>	
T	Ribetnya itu kaya gimana bu? <i>Ribetna the sapertos kumaha bu?</i>	
J	Yaa ribet. Kaya harus ngurus ini ngurus itu gamau ibu mah yang kaya gitu teh. <i>Ribet we kitu. Kedah ngurus ieu ngurus itu tah alim ibu mah nu kitu teh.</i>	Ingin pelayanan yang lebih simpel
T	Kalo alasan lain ada lagi bu? <i>Pami alas an nu sanesna teu aya deui kitu bu?</i>	
J	Itu paliing kan tetangga suka ada tuh yang ngobrol mau bayar BPJS tapi uangnya ga ada katanya teh, terus kena denda lagii. Tapi pengen banget keluar jadi peserta tapi daa gimana katanya the. Yaa ga tau lah kata aku the da aku mah ga tau da ga pernah ikutan, ga pernah punya. <i>Eta paliing sok aya tatanggi nu nyaur bade bayar BPJS tapi artosna can aya cenah, jaba di denda deuii. Tapi haying kaluar kumaha cnah gen. Nya duuuka abi mah teu tearang da abi mah teu ngiringan teu acan gaduh.</i>	Ingin keluar dari kepesertaan karna tidak ada uang untuk iuran

Transkrip Wawancara Narasumber

Narasumber 3

Tempat wawancara : Banjarsari

